**दिन–सोमवार** **दिनांक–02.03.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

———————————————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी पश्चिम एशिया संकटक संवाद आ कुटनीति सँ समाधान निकालवाक आह्वान कयलनि अछि। नव दिल्ली मे कनाडाक प्रधानमंत्रीक संग संयुक्त सवांददाता सम्मेलन मे श्री मोदी कहलनि जे भारत सदिखन संवाद आओर गपशप के माध्यम सँ समस्याक समाधानक पक्षधर रहलाह अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे भारत अपन नागरिकक सुरक्षाक लेल सभ देशक संग मिलि कऽ काज करत।

————————————————————

ईरान आ इजरायल–अमेरिकाक मध्य जारी संघर्ष सँ पश्चिम एशिया मे तनाव आओर बढ़ि गेल अछि। बढ़ैत तनावक मध्य ईरानक एक सुरक्षा अधिकारी अली लारीजानी कहलनि जे हुनक देश अमेरिकाक संग बातचीत नहि करत। एहि मध्य अमेरिकी राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंप कहलनि जे अमेरिका कुवैत मे मारल गेल अपन तीन सैनिक के मृत्युक बदला लेत। सोशल मीडिया पोस्ट मे ओ कहलनि जे ईरानक नओ युद्धपोत डूबि गेल अछि आ नौसेनाक मुख्यालय सेहो काफी नष्ट भऽ गेल अछि। एम्हर, ब्रिटेन, फ्रांस आ जर्मनी कहलक अछि जे ईरानक हमलाक मोकाबिला करबाक लेल अमेरिकाक संग अछि।

————————————————————

पश्चिम एशिया मे जारी तनावक मध्य बिहार सरकार प्रवासी बिहारी लोकनिक सहायताक लेल हेल्पलाइन नंबर जारी कयलक अछि। श्रम संसाधन आ प्रवासी श्रमिक कल्याण विभाग दिल्ली स्थित बिहार भवन सँ हेल्पलाइन प्रारंभ कयलक अछि। हेल्पलाइन नंबर अछि– **सात दू–एक सात–सात आठ– आठ एक– एक चारि**। प्रवासी कामगार कोनो प्रकारक जनतब, सहायता या समस्याक समाधानक लेल एहि हेल्पलाइन नंबर पर संपर्क कऽ सकैत छथि। विभाग जनौलक जे एक टीम चौबीसो घंटा सातो दिन हेल्पलाइन नंबरक निगरानी करत आ आवश्यकता होयबा पर संबंधित एजेंसी सभ सँ समन्वय स्थापित करत।

————————————————————

नेपाल मे पांच मार्च कऽ होबऽ वला प्रतिनिधि सभा चुनाव सँ पहिने भारत–नेपाल सीमा पर चौकसी बढ़ा देलक अछि। सुरक्षा के ध्यान मे रखैत आइ मध्य रात्रि सँ पांच मार्च धरि सीमा सील रहत। एहि अवधि मे सामान्य वाहन परिचालन बंद रहत। भारतीय सीमा पर तैनात एसएसबीक जवान सभ के अलर्ट मोड पर रहबाक निर्देश देल गेल अछि।

———————————————————————

लोक जनशक्ति पार्टी रामविलास के अध्यक्ष आ केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान राज्यसभाक सभ पांच सीट पर एनडीए उम्मीदवारक जीतक दावा कयलनि अछि। श्री पासवान आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप कऽ रहल छलाह। ओ कहलनि जे एलजेपी–आर के उन्नैस विधायक छथि जाहि कारणे एहि चुनाव मे पार्टीक भूमिका महत्वपूर्ण होबऽवला अछि। एहि मध्य राष्ट्रीय लोक मोर्चा अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा राज्यसभा चुनावक रणनीति पर विचार–विमर्शक लेल दिल्ली गेलाह अछि। श्री कुशवाहा के भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय गृह मंत्री अमित शाह सहित कतेको वरिष्ठ नेता सभ सँ भेंट करबाक संभावना अछि।

———————————————————————

प्रदेशभरि मे होलीक पावनि–तिहार के लऽकऽ उत्सवक वातावरण अछि। आइ मध्य रात्रिक बाद होलिका दहन कयल जायत, जखनकि रंगोत्सव चारि मार्च कऽ मनाओल जायत। एहि मध्य प्रदेशभरि मे होलीक अवसर पर शांति–व्यवस्था बनाओल रखबाक लेल सुरक्षाक व्यापक इंतेजाम कयल गेल अछि। संवेदनशील स्थान सभ पर अतिरिक्त पुलिस बलक तैनाती कयल गेल अछि। ओतहि, सोशल मीडिया पर सेहो विशेष नजरि राखल जा रहल अछि।

———————————————————————

जन औषधि सप्ताहक अंतर्गत देशभरि मे किफायती आ गुणवत्तापूर्ण जेनेरिक दवाई सभक संबंध मे जागरूकता उत्पन्न करबाक लेल प्रदेशभरि मे विशेष कार्यक्रमक आयोजन कयल जा रहल अछि। एहि कड़ी मे स्वास्थ्य जांच शिविर सेहो आयोजन भऽ रहल अछि। रसायन आ उर्वरक मंत्रालय जनौलक जे एहि कार्यक्रमक अंतर्गत औषधि विभाग द्वारा पांच मार्च धरि देशभरि मे दू सय पचास सँ बेसी स्थान पर स्वास्थ्य जांच शिविर आयोजित कयल जा रहल अछि।

———————————————————————

गोपालगंज जिलाक सिधवलिया प्रखंडक गंगवा गाम लऽग घोघारी नदी पर बनि रहल आरसीसी पुलक एक भाग ढलाई के दरमियान अन्हचौके ध्वस्त भऽ गेल। घटना मे कोनो प्रकारक जान–मालक नोकसान नहि भेल अछि।

———————————————————————————

समाप्त